

BAB III

METODEU PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab diébréhkeun ngeunaan métodeu panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, jeung instrumén pengumpul data.

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan. Hal anu ditalungtik téh dipaluruh leuwih jero sangkan bisa nyangkem kana maksudna (Moleong, dina Arikunto, 2010, kc. 22). Saluyu jeung ieu pamarekan kualitatif, digunakeun métodeu déskriptif.


Ari métodeu déskriptif mangrupa métodeu panalungtikan anu miboga tujuan pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan faktual kalawan léngkah-léngkah panalungtikan ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan data, nganalisis, sarta napsirkeun data (Arikunto, 2010, kc. 34). Métodeu déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis gaya basa rétoris anu aya dina guguritan, kalawan maké ulikan stilistika jeung semantik. Satulunya hasil tina ieu analisis dijadikeun bahan pangajaran guguritan di SMP.

Sangkan leuwih gampang dina ngalaksanakeun panalungtikan, diperlukeun desain panalungtikan anu puguh. Desain panalungtikan nyaéta prosés anu dirancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah anu aya dina panalungtikan. Desain panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti nangtukeun masalah, ngarumuskeun sarta ngawatesanan masalah, talaah pustaka kana objék panalungtikan jeung sumber pustaka séjén anu ngarojong kana panalungtikan, ngumpulkeun data kalawan ngagunakeun kartu data salaku instrumen panalungtikan, ngolah data hasil panalungtikan ku cara analisis data dumasar kana pamarekan nu digunakeun, sarta nu pamungkas nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.


Desain ieu panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.1

Desain panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data



Arikunto (2010, kc. 172) nétélakeun yén sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék anu bisa dipaké pikeun meunangkeun data. Anapon sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Héndrayana. Ieu buku dicitak munggaran ku KSB Rawayan jeung CV. Sanggita dina taun 2014. Buku kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* mangrupa buku karangan Dian Héndrayana, anu diterbitkeun dina taun 2014 ku KSB Rawayan

jeung CV. Sanggita. Kandel bukuna aya 65 kaca. Eusi buku kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* ngawengku guguritan dina wangun pupuh kinanti 5 judul, Asmarandana 5 judul, Sinom 9 judul, jeung dangdanggula 17 judul. Data dina ieu panalungtikan nyaéta gaya basa rétoris dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Héndrayana. Éta gaya basa rétoris disawang tina jumlah, wanda, maksud, jeung bahan pangajaran.

3.2.1 Biografi Singget Pangarang

Dian Héndrayana lahir di Subang, 25 Februari 1971. Icikibung dina sastra ti keur kuliah di Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah UNPAD taun 90-an. Ngagabung dina Kelompok Studi Budaya RAWAYAN, Dian sok rajeun ngarang, boh dina prosa boh dina puisi. Kabéhdieunakeun sok nulis dina wangun éséy jeung drama. Boh puisi boh prosana, katut éséyna kungsi dilélér hadiah sastra ti LBSS.

Dina wangun puisi, karangan Dian mangrupa sajak jeung guguritan. Sawaréhna deui dina wangun rumpaka lagu, naskah oratorium, opera, jeung gending karesmén. Naskah gending karesmén ‘Hyang Rumingkang’ dipagelarkeun dina peuting Dies Natalis UNPAD taun 1994. Ari rumpaka laguna, mindeng disanggi ku Ubun Kubarsah ti Dasentra jeung ku Yus Rusyana ti STSI.

Lian ti nulis, Dian gé aktif di Daya Mahasiswa Sunda, Caraka Sundanologi, Lembaga Basa jeung Sastra Sunda, Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda, Pangauban Kawih Sunda, Paguyuban Tembang Sunda Cianjuran, Stdiklub Téater

Bandung, jeung Daséntra. Nya ti Daséntra pisan Dian mindeng manggihan hal-hal anu anyar, pangpangna dina bagbagan kawih, wabil husus dina bagbagan cianjuran.

Dian kungsi jadi wartawan Métro Bandung (ayeuna Tribun Jabar) taun 2000-2003. Taun 2004 inyana kungsi jadi rédaktur berita basa Sunda di TVRI. Taun 2005 pindah ka Bandung TV, jadi rédaktur, produser, jeung préséntér; ngarangkep jadi rédaktur di majalah Manglé ti taun 2007. Eureun ti Bandung TV taun 2011. Ayeuna Dian mancén tugas jadi dosén di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah FPBS Universitas Pendidikan Indonesia (Hendrayana, 2014).

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka nyaéta kagiatan niténan, neuleuman, nalaah jeung ngaidéntifikasi pangaweruh, ieu téhnik dilaksanakeun ku cara neuleuman buku-buku sumber anu aya patalina jeung konsép teoritis katut pertélaan ngeunaan panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 226). Jaba ti éta, ieu téhnik dipaké pikeun neuleuman data anu aya dina sumber data.

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta.

- 1) Maca kritis kumpulan guguritan *Lagu ngajadi*;
- 2) Nyirian kalimah anu ngandung gaya basa rétoris dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi*; jeung
- 3) Nyalin gaya basa kana kartu data;

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung gaya basa rétoris atawa analisis gaya basa rétoris. Anu dianalisisna tina jumlah, wanda, jeung maksud gaya basa rétoris tina guguritan *Lagu Ngajadi*.

Ari léngkah-léngkah ngolah datana kieu:

- 1) Mariksa deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) nyieun papasingan data gaya basa retorik;
- 3) nganalisis papasingan data gaya basa retorik;

- 4) ngadéskripsikeun papasingan data gaya basa retorik;
- 5) nyusun bahan ajar gaya basa rétorik tina guguritan;
- 6) napsirkeun data jeung nyusun kacindekan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang diolah (Arikunto, 2010, kc. 150). Anapon instrumén panalungtikan dina ieu panalungtikan nyaéta.

- 1) Instrumén Talaah Pustaka

Tabel 3.1
Instrumén Céklis

No.	Téma	Judul	Digunakeun	Teu digunakeun
1.	Sastra			
2.	Kabasaan			
3.	Pangajaran			

- 2) Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Dina ieu kartu data téh dieusi ku informasi ngeunaan (1) Kalimah nu ngandung gaya basa; (2) Gaya basa; (3) Kode (pada, padalisan, kaca). Kartu data nu digunakeun ébréh ieu di handap.

K	
Ka hilir palid ngalaju	(LNg/2/6/11)
Gaya basa	: rétorik
Wanda gaya basa	: kadalon
Maksud	: palid

3) Instrumén Milih Bahan Ajar

Tabél 3.2
Instrumén Céklis

No.	Kriteria Bahan Milih Bahan Ajar	Guguritan <i>Lagu Ngajadi</i> (<i>Kinanti Ngajadi</i>)		Keterangan
		Luyu	Teu Luyu	
1	Tujuan nu hayang dihontal;	✓		
2	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa;	✓		
3	Dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna;	✓		
4	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan;	✓		
5	Luyu jeung Kabutih Katut Minat Siswa.	✓		